

(1) Mukusateerera, munhu akarasikirwa nei?

Mapisarema 111:10

Munhu paakatangwa kusikwa, aiva nekukwanisa kuita zvinhu nemaitiro epamusorosoro uyewo aiva nepfungwa dzakanyatsogadzikana. Hupenyu hwake hwakanga husina chakaipa, akaperera mukururama asina paaipesana naMwari,vaine kuwirirana kukuru. Pfungwa dzake dzakanga dzakachena uye aine zvinangwa zvinoyera, asi kuburikidza nekusateerera masimba ake akashanduka, chindini chikatora nzvimbo yerudo. Chimiro chake chakashaiwa simba zvakadaro zvekuti kuburikidza nechivi hazvina kuzombokwanisika kuti musimba rake pachake, agone kuramba (kudzivisa) simba rehui. Akabva ava muranda waSatani,uye angadai akaramba akadaro nekusingaperi dai Mwari asina kuuya kuzomusunungura. Chakava chinangwa chaSatani kuti amise zano rinoyera iro Mwari aiva naro mukusika munhu, ndicho chikonzero Satani akazadza nyika nekutambura, kupererwa nekushaiwa. Satani anopomera huipi hwese hwaakakonzero iye pachake pana Mwari, achiti ndicho chaiva chinangwa chaMwari mukusika munhu.

(2) Seiko Adama naEva vakavanda kubva kuna Jehova?

Genesi 3:10

Chitema chisati chavapo munhu aigara aine rufaro uye ari pedyo pedyo naMwari. Asi pakapinda chitema haana kuzombokwanisa kuwana mufaro muhutsvene, ndizvo zvakaita kuti atsvage kuhwanda kubva kuna Mwari. Ndizvo zvazvichakaita nanhasi kune avo vane mwoyo isina kuvandudzwa. Havagoni kuwirirana naMwari uye havawani mufaro mukuva pamwechete naYe.

(3) Vakaipa (vasina kutendeuka) vachati kudii vachiona Jesu achiuya?

Zvakazarurwa 6:16

Mutadzi haagoni kuva nemufaro pamberi paMwari uye anoedza nepese paanogona kusava pakati pevanoyera. Dai aibvumidzwa kupinda mukati medenga, denga racho haraimbomufadza. Mweya werudo usina chindini unotonga imomo uchikonzero kuti hana yese iwirirane nemwoyo weRudo Runogara nekusingaperi, hawaiwana kudairira (kubvumira) kubva mumwoyo wemutadzi. Pfungwa dzake, zvidiso zvake, nezvinodenha mwoyo wake zvinenge zvakasiyana zvikuru nevese vasina chitema vanogara mukati medenga. Anobva ava izwi rega rakarasika (dhisikodhi) pakati pemazwi akaurungana emumhanzi unodakadza wedenga. Denga rinobva rava kwaari nzvimbo yekurwadziswa nekutambudzwa kukuru; aingazoshuwira kuti avigwe



kubva pamberi paYe Ari chiedza uye chitubu cherufaro rwedenga. Haisi tsaona kuti Mwari arambidze vakaipa kuti vasapinde mukati medenga. Vanosiiwa kunze kwaro nokuti havana kugadzirira kuva pakati pevakarurama. Kubwinya kwaMwari kunovaparadza semoto. Vaingatofarira kuparadzwa kuitira kuti vavigwe kubva pachiso chaYe akafa kuti avadzikinure.

(4) Mutadzi anokwanisa here kuzvishandura mwoyo wake?

Jobo 14:4

Hazvigoni nesimba redu kuti tizviburitse mugomba rechitema umo matakanyura (Jeremia 13:23). Mwoyo yedu yakaipa uye hatigoni kuishandura. “Nokuti kufunga kwenyama kunovengana naMwari; nokuti hakuzviisi pasi pomurairo waMwari; hakugoni vo.” (VaRoma 8 : 7) Dzidzo,tsika, simba rekuzvisarudzira, kuedza nepese paunogona, zvese zvine nzvimbo dzazvo, asi kana tasvika pakukunda chitema tisina Mwari hazvina simba zvachose. Hongu zvingaunza tsika nehunhu hunoratidzika hwakanaka, asi hazvikwanisi kushandura mwoyo, kana kubvisa tsvina nekuchenesa zvitubu zveupenyu. Zvinoda simba rinoshanda richitangira nechemukati kuti hupenyu hutsva hunobva kumusoro hushandure munhu kubva muchitema kuenda muhutsvene. Simba iroro ndiJesu. Inyasha dzaKe bedzi dzinogona kumutsa nhengo dzisina upenyu dzemweya wemunhu nekudzikakatira kuna Mwari uye nehutsvene.

(5) Chii chinofanira kuitika muhupenyu hwedu kutigadzirira kupinda muushe hwaMwari?

Johane 3:3

Muponesi akati kunze kwekunge tagamuchira mwoyo mutsva une zvidiso zvakachena nezvinangwa zvitsva, nezvishuwo zvitsva zvinotungamirira kuupenyu hutsva, “hatingaoni ushe hwaMwari.” Pfungwa yekungofunga kuti tinogona kuunza huri nani hwedu nekugadzirisa zvakanaka zvirimo matiri zvangogara zviripo, manyepo makuru akaipisisa.

(6) Nyaya dzezvemweya dzinganzwisiswa sei?

1 Vakorinte 2:14

Kristu akati, “Usashamiswa, nekuti ndakati kwauri; Munofanira kuberekwa kutsva. Mhepo inovhuvhuta painoda napo, unonzwa inzwi rayo, asi hauzivi painobva nepainoenda; mumwe nomumwe wakaberekwa noMweya wakadaro.” Johane 3:7, 8.

(7) Seiko tichiramba tichingonetseka kunyange tavakuziva kuti kururama chii?

VaRoma 7:14, 15

Hazvina kukwana kunzwisisa rudo rwa Mwari rune tsiye nyoro, kana kuona tsitsi neunyoro hwechimiro chake saBaba. Hazvikwani kuona huchenjeri nekururama kwemutemo wake, kana kuona kuti mutemo uyu wakavakwa pamusoro pehwaro hwerudo rusingaperi. Kuziva kwega hakuunzi hutsvene.

Mupositori Pauro anoratidza kushingairawo kwake munyaya iyi paanotaura kuti, “ndinobvumira kuti murairo wakanaka.” “Naizvozvo murairo mutsvene, nomutemo mutsvene wakarurama, wakanaka.” Asi anowedzera, mukurwadziwa kwomwoyo nokusuruwara kukuru nokushaiwa zvokuita, “Asi ini ndiri wenyama, ndakatengeswa pasi pezvivi.” VaRoma 7:16, 12, 14. Aishuwira kuchena kwemwoyo nokunaka kwaakanga asingagoni kuti asvikire iye pachake, ndizvo zvakaita kuti acheme achiti, “Ndiri munhu uri pakutambudzika! Ndianiko uchandisunungura pamuviri worufu urwu?” VaRoma 7:24. Uku ndiko kuchema kwakakwira kudenga kubva kumwoyo yese yakaremerwa kubva kunyika dzose kubva kare nakare mumadzinza ose nemazera ose.

(8) Ndianiko unogona kutisunungura kubva muchitema, kuremera kwacho mupfungwa, uye rufu?

Johane 1:29

Kunongova nemhinduro imwechete; iGwaiana raMwari. Pane nzira zhinji idzo Mweya waMwari anoshandiswa kutiratidza chokwadi ichi, kuchiisa pachena kumwoyo inotsvaka kusunungurwa kubva mukuremerwa mupfungwa nemutoro wechivi.

Muenzaniso mumwe ndeweapo Jakobo akatiza kubva mumusha waBaba vake akaremerwa zvikuru nepfungwa yekutadza kwake mukunyengera Esau. Ava ega asisina wekutura naye akanzwa ava munhu arasirwa kunze, uye aparadzaniswa nezvose zvinoita kuti hupenyu hukoshe kwaari. Pfungwa huru yakanga ichinyanyakumuremera yaiva yekutya kuti chitema chake chakanga chamugura ukama naMwari; kuti akanga arambwa neDenga. Mukusuwa kwake akazorora kuti achirara pasi musango akatenderedzwa nemakomo, akafukidzwa neDenga rakanga rakazara nyeredzi dzaipenya zvikuru. Akarara kudaro akaona chiedza chikuru pamberi pake, akaonawo danho raibva mubani raakanga arere richikwidza kusvika kumasuwo edenga. Pamusoro pedanho iri vatumwa vaMwari vaikwira nekudzika, uyewo kubva mukati mekubwinya kwedenga izwi redenga rakanzwika richimupa shoko rekunyaradza netariro.

Jakobo akazoziva zvaishuviwa nemwoyo wake - Muponesi. Akatenda akazadzwa nomufaro kuti iye semutadzi, akaratidzwa nzira yaaingadzoka nayo kuna Mwari. Danho rinoshamisa raakaona muchiroto chake raimirira Jesu uyo arinzira imwechete yoga yekudyidzana pakati paMwari nomumhu. Johane 1:51

(9) Tingauya seiko kuna Baba?

Johane 14:6

Pakanga pasisina ukama nedenga, uye takanga taparadzaniswa naMwari apo munhu wekutanga akatadza. Nokuda kwezigomba guru rakauya pakati pemunhu naMwari nekuda kwechitema, zvakanga zvisisakwanisike kuti pave nekutaurirana kana kudyidzana naMwari. Asi zvino pasi rabatanidzwazve nedenga kuburikidza naJesu. Kuburikidza nekukurama kwaKe iye, Akava danho rekuyambuka naro gomba iri rakakonzerwa nechitema kuti denga rigone kudyidzana nesu. Kristu ndiye anobatanidza munhu wechitema muutera hwake nokusagona kuzvibatsira kwake neChitubu chesimba risingaperi.

(10) Tingagona here kusvika kudenga nekugona kwedu kana nesimba redu tega?

Johane 10:9

Zviroto zvedu zvekuva nani kana kuunza mamiriro akanaka emagariro evanhu hazvishandi kana zvichisiya kunze iye Chitubu chimwechete chetariro nerubatsiro kurudzi rwevanhu ruzere nechitema. “Zvipo zvose zvakanaka nezvipiwa zvose zvakakwana zvinobva kumusoro,” Jakobo 1:17. Hapana anogona kuwana chimiro chakaperera kunze kwekunge akabatanidzwa naMwari uyo akaperera mukunaka, uye nzira imwe chete yekuenda kuna Mwari iri Jesu.

(11) Nderipi basa guru rakaitwa nedenga kuti tidzikinurwe?

Johane 10:11

Mwoyo waMwari unoshuva zvikuru vana vake vari pane rinopasi nerudo rwakasimba kupfuura rufu. Akadurura denga rese muchipo chimwechete. Kuuya kwaMuponesi kuzorarama nekufa kuti atidzikinure, kuchengetwa kwatinoitwa nengirozi, kugombedzera kwaMweya Mutsvene, Baba vachishanda pachinzvimbo chedu, hanya yedenga rese pamusoro pedu; zvese izvi zvakapihwa kuti isu tiponeswe.

Funga pamusoro pechipiriso chikuru chakaitirwa isu! Ngatimbotendeiwo zvirikuitwa nedenga kuponesa vakarasika nokuvadzozazve kuimba yaBaba. Hakuna imwe nzira yakasimba kana dzimwe dziri nani dzaingagona kushandiswa. Mibairo yakakosha yokuita zvakarurama, mufaro wedenga, kushamwaridzana nengirozi, kuva pedyo naYe uye rudo rwaMwari noMwanakomana, kukwirira uye udzamu hwemasimba ose achapiwa kwatiri nokusingaperi; kana tichiongorora mibairo iyi yokuvimbika, haitipi here zvikonzero zvinotisunda kuti tide Musiki neMudzikinuri wedu?

Kuno rumwe rutivi, zvichienzaniswa nezvikomborero zvatanzwa, kune rutongo rwaMwari pamusoro pechitema, kunyadziwa kwezvimiro zvedu, uye pakupedzisira rufu. Izvi zvose zvakaiswa pachena muBhaibheri kutiyambira kuti tirege kushumira Satani kana kuwira mumanyepo kana kunyengedza kwake. Hatigoni here kugamuchira tsitsi dzaMwari? Pane zvimwe here zvinopfuura izvi zvaaingatiitira? Ngatiuyei kwaAri iYe akatida nerudo runoshamisa. Ngatisarudzei nzira iyo yatinonongedzerwa kuti tigoshandurwa tigofanana naYe. Ngatigamuchirei kudyidzana nekufambidzana nengirozi dzinotichengetedza tigoshingairira kufamba pedyo naBaba vedu vekudenga neMwanakomana.

Zviri pachena kuti pasina simba raKristu handigoni kukunda chitema uye kuwana runyararo rwaKe. Ndinoona kusagona kuzvibatsira kwangu uye kuti ndinotofanirwa kuva naYe saMuponesi wangu.

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza

Ndinotenda Mwari nerudo rwaKe uye nezano raKe reruponeso. Chidiso changu kugamuchira chipo chaKe ichi chaanongondipa pachena.

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza

(C) Merlin Beerman - www.revelationpublications.com
Illustrations (C) Goodsalt - www.goodsalt.com
These materials may be photocopied and shared but not altered or sold.

Printed in USA by Light Bearer’s Ministry - www.lbm.org

Matsiko Kuna Kristu



Kudikanwa KwaJesu Muupenyu Hwedu